



FLORIDA DEPARTMENT OF  
**EDUCATION**  
fldoe.org



# Moun ki Malantandan

Re-adaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki gen andikap yo jwenn yon travay ki enteresan.

Re-adaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation\\, VR) se yon divizyon nan Depatman Edikasyon Florida a, misyon li se ede moun ki gen andikap, ki gen 14 lane epi ki pi gran yo, jwenn yon travay konpetitif epi ki entegre. Atravè sèvis li bay moun ki soud yo, ki malantandan, oswa moun ki tande di yo, moun ki soud epi ki avèg yo, VR defann filozofi ki fè konnen travay posib pou nenpòt moun lè gen bonjan sipò ki anplas.

Pou moun ki malantandan yo, VR ka ede moun ki kalifye yo gras ak aranjman ki pèmèt ou kominike avèk konfyans pandan randevou ak konseye VR ou a, pandan entèvyou pou travay yo ak pandan w ap travay. Objektif la se pou ou kapab jwenn epi konsève yon travay oswa chwazi yon karyè ki pral mennen nan yon pi gwo otonomi.

**VÈSYONAN  
KARAKTÈ KI  
GWO**

## **Sèvis ki disponib yo gen ladan yo:**

- Entèprèt lang siy ak/oswa aparèy ki pèmèt moun koute pou chèche travay ak entèvyou pou travay.
- Yon konseye nan travay pou ede w ekri yon CV epi aplike pou travay.
- Kou lang siy debaz pou kòlèg ou yo.
- Fòmasyon pou patwon sou fason pou yo kominike ak ou.

## **Patnè Reyadaptasyon Pwofesyonèl**

VR kapab voye w bay yon ajans patnè pou lòt sèvis, tankou Ajans pou Moun ki gen Andikap, Sous Karyè Florida, Divizyon Sèvis pou Moun ki Soud ak sant lokal vi otonòm.

## **Fason pou aplike**

- Rele nan 850-245-3399 oswa nan nimewo gratis 800-431-4327. Endike operatè a non konte ou abite a. Y ap transfere w bay biwo VR ki pi pre a. Ou kapab itilize Relè Videyo oswa Relè Florida 711.
- Ale anliy sou RehabWorks.org pou jwenn fòm oryantasyon VR ak Repètwa Biwo VR la.

## **Resous Anliy**

- Asosyasyon Granmoun ki Malantandan [www.alda.org](http://www.alda.org)
- Pwogram Medya yo Dekri epi Soutitre [www.dcmp.org](http://www.dcmp.org)
- Asosyasyon Moun ki Soud nan Florida [www.fadcentral.org](http://www.fadcentral.org)
- Konsèy Kowòdinasyon pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di

nan Florida [www.fccdhh.org](http://www.fccdhh.org)

- Florida Telecommunications Relay Inc. [www.ftri.org](http://www.ftri.org)
- Asosyasyon Ameriken pou Moun ki Malandan [www.hearingloss.org](http://www.hearingloss.org)
- Helen Keller National Center [www.hellenkeller.org](http://www.hellenkeller.org)
- Asosyasyon Nasyonal pou Moun ki Soud [www.nad.org](http://www.nad.org)

# Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399  
800 - 451 - 4327



[www.Rehabworks.org](http://www.Rehabworks.org)



Depatman Edikasyon Florida  
Divizyon Reyadaptasyon  
Pwofesyonèl  
Inite Relasyon Komèsyal  
325 W. Gaines St., Suite 1144  
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.